# БАҚСЫЛАРДЫҢ ДӨРЕТИЎШИЛИК МИЙНЕТЛЕРИ

**Арзымбетова Зульфия Калбаевна**

Нөкис қәнигелестирилген мәдений мектеби «Миллий музыка»

бөлими оқытыўшысы.

https://doi.org/10.5281/zenodo.11180153

***Аннотация.*** *Бул мақалада қарақалпақ халық қосықлары ҳәм намалары ҳаққында ҳәмде бақсылардың халық қосық, намаларын бизге шекем сақлап жеткерип бериўдеги үлкен мийнетлери ҳаққында сөз етилген.*

***Гилт сөзлери:*** *Бақсы, нама, қосық, шайыр, импровизатор, дәстан, сөз шебери, творчество, дөретиўшилик, дәстүр.*

## CREATIVE WORKS OF BAKHSHI

***Abstract.*** *This article is devoted to the folklore and songs of the Karakalpak people, as well as the great efforts of the bakshi aimed at transmitting folklore, their songs to us.*

***Key words:*** *Bachshi, song, song, poet, improviser, poet, master of words, creativity and tradition.*

## ТВОРЧЕСКИЕ ТРУДЫ БАХШИ

***Аннотация.*** *Эта статья посвящена фольклору и песням каракалпакского народа, а также большим усилиям бахши, направленным на то, чтобы передать нам фольклор, их песни.*

***Ключевые слова:*** *Бахши, песня, песня, поэт, импровизатор, поэт, мастер слов, творчество, традиция.*

---

Қарақалпақ бақсыларының дерлик көпшилиги шайыршылығы басым яғный суўырып-салма шайыр дегендей сөзге шебер, шешен тилли, гәпке уста, ядыгешлиги менен көзге түскен, күлдирги сөзли, тайын жуўап ийелери болыўы менен бирге дөретиўшилик уқыпқа да ийе болған өнерпазлар болып табылады. Бақсылар дәстанның тилине, мүмкиншилигине қарай көплеген қарақалпақ сөзлерин киргизиў менен ҳәтте гейпара қосықлардың түп нусқасын өзгертиў менен бир қанша қосық қатарларында өзлеринше киргизген жерлериде аз емес ҳәм намаларында өзлери таңлай билип көплеген қосық қатарларына таза намалар дөретип жаңалықлар енгизген.

Ол намалардың биразы халық намалары. Халық қосықлары болып аталып кеткен.

Буған мысал ретинде «Юсуп Ахмет» дәстанындағы «Қара көз» қосығын келтириўге болады. Бул «Юсуп Ахмет» дәстаны қарақалпақ бақсыларының ең сүйип

айтатуғын дәстанларының бири болып саналады, «Юсуп Ахмет» дәстанын айтпаған бақсы болмаған десе-де болады. «Юсуп Ахмет» дәстанындағы «Қара көз» қосығындағы куплетлерди көрсетиўдиң өзи дәстанлардағы көплеген қосықлардың халық қосықларына айналып кеткенлигине дәлил бола алады.

Бақсылар атқаратуғын «Юсуп Ахмет» дәстаны қарақалпақша версиясын (үлгисин) дөреткен қарақалпақ шайырлары Бердақ ҳәм т.б. қыссаханлар, әсиресе сөзи менен сазын жетилистирген Ахымбет, Муўса бақсы, Есжан, Қурбанияз, Әмет, Генжебай бақсылар ең атақлы Қарақалпақ бақсыларының ең жақсы творчестволық дөретиўшилик дәстүрлерин даўамлап, «Юсуп Ахмет» дәстанының қосықларын қарақалпақ халқының «Сәўдигим», «Демир донлы», «Жети асырым», «Кеңесли тон», «Гөр қыз», «Гелаләйлим», «Кеңес», «Хошадәс», «Налыш», «Саналы гелди», «Салтық», «Үш топ», «Күнхожа», «Хожа бала», «Қошым палўан», «Келте налыш», «Теке налыш», «Не пайда», «Дағлары», «Дад әлиңнен», «Алақайыс», «Хожа бағман», «Ығбал», «Дембермес», «Сәрбиназ», «Дәрдиңнен», «Арыўхан», «Әзийзим», «Ираний», «Мухаллес», «Жекке баслы», «Ешбай», «Кемине», «Гелгалай», «Ийгелай», «Кептер мухаллес», «Шарқы пәлек», «Қарадәли», «Қырмызы», «Қара көз», «Бармекен», «Недағы», ҳ.т.б. намаларына салып айтады.

Сондай-ақ «Қыз минайым» атлы қосықты оның қарақалпақша оригинал тексти менен намасында Бердақтан Ҳүрлиманға, Ҳүрлиманнан Каражан бақсыға өтип халыққа тарағаны тастыйықланған. Қаражан бақсының атқарыўындағы «Қыз минайым» қосығы радионың алтын фондына магнит лентасына жазып алынған ҳәм ҳәзирги күнде де эфирде берилип турады. «Қара көз» қосығының усы Қаражан варианты «Қарақалпақ халық артисткасы», марҳум Фатима Бекполатова тәрепинен де атқарылғаны радио толқынында эфирде бериледи, бул варианта бираз өзгешеликке ийе.

Сондай-ақ «Ғәрип ашық» дәстанынан «Жаным молам бир заман шул ярымны азат қыл», «Мухаллес» намасына, «Ушырдым сунқар қусымды», «Дембермес» намасына, «Нигәрым» қосығы, «Нигәрым» намасына, «Ғәрийбимнен айра салдың» қосығы, «Сайқалы» намасына, «Дәрдиңнен» қосығы, «Дәрдиңнен» намасына, «Ярның гүли келди өзи келмеди» қосығы, «Салтық» намасына, «Келсин ғәрийбим» қосығы, «Ғулпақ» намасына, «Нәйлейин» қосығы, «Нәйлейин» намасына, «Ярым келгенинди биләбилмедим» қосығы, «Арыўхан» намасына, «Сабыр әйле сәнемжан» қосығы, «Кептер мухаллеси» намасына, «Сен яр кеткели» қосығы, «Сен яр гедәли» намасына ҳ.т.б. қосықлар бақсы намаларына салып айтылған ҳәм көп ғана намалар сол қосықтың аты менен аталып халық намасы болып аталып кеткен.

Сондай-ақ Ғәриптиң«Мениң ярым бағ сейлине келеди» қосығы, «Алақайыс» намасына, «Уштымда келдим» қосығы, «Муўса сен ярь» намасына, «Аман жеткер ярымды» қосығы, «Терме мухаллеси» намасына, тағы да Шахсәнемниң бир қанша қосықлары «Хожа бағман» қосығы, «Хошадәс», «Налыш», «Келте налыш» ҳ.т.б. намаларға айтылады. Бақсы намалары өзиниң оригиналлығы менен сөзге қонымлы, еситкен қулаққа жағымлылығы менен, ырғақлы, пәсли-бәлент, ҳәўижли, нала ҳәм қашырымлары менен, ҳәр қыйлы рәң-бәрең нағышларға ийе болып тыңлаўшылардың қулақ қурышын қандырып халқымыздың сүйип тыңлайтуғын нама-қосықларына, халық қосықларына айналған.

Бул бақсылар дөреткен намаларды көпшилик халық ишинен шыққан қосықшыларда, жақсы даўысқа ийе қосық айтыўшыларда ядлап айтып жүрген. Көпшилик халық бул намалардың, қосық ҳәм сазлардың атларын бир-биринен айырып билген, халқымыздың көпшилиги бул намаларды кимлер дөреткенинде жақсы билген. Көплеген атақлы бақсылар өзлериниң атқарыў шеберлиги, дөретиўшилик уқыплары менен композиторлық қатнас жасап намалар дөретип, олар устаздан шәкиртке өтип халық арасына таралып отырған. Қарақалпақ бақсыларының көпшилиги дөретиўшилик уқыпқа ийе болып, олар дөреткен намалар ҳәм сазлар, әдебиятшы, тарийхшы алымларымыздың мийнетлеринде, мақалаларында, китапларында анықланып тастыйықланған.

Мысалы Ахымбет бақсының «Қызлар үйге кир», «Бейиш», «Ылғал», «Арыўхан», «Яғлы бәҳәр», «Ала қайыс» намаларын дөреткенлиги бизге мәлим болса, Муўса бақсының «Муўса», «Жаман шығанақ», «Жети асырым», «Муўса сен ярь», «Идирис» намаларын, Жаңабай палўанның ҳәм палўан ҳәм хош ҳаўаз қосықшы, сазенде болғанлығын оның «Ақсунгүл», «Адыңнан», «Қазы ийшан» намаларын дөреткенлигин бақсылардың айтыўынан, илимпаз алымларымыздың мақалаларынан, мийнетлеринен, китапларынан оқып билемиз.

Көплеген намалар тарийхта болған ўақыялар менен де аталады.

Айырым намалардың пайда болыўы жөнинде, халық намаларының күши жөнинде, халық аўзында толып отырған аңыз әңгимелери бар.

Халық намалары халық өмиринде халықтың руўҳый азығы ретинде үлкен орын тутады.

«Халық намасы», «Халық қосығы»-деп аталып кеткен көплеген халық нама қосықларының дәслеп әлбетте дөретиўшиси бир адам болғаны сөзсиз. Ол бақсыма, сәзендеме, ямаса атақлы айтқыш қосықшыма наманы дөреткени менен, ол дөреткен нама

ўақыттың өтиўи менен биреўден-биреўге өтип бир қанша өзгериске ушраўы, жаңаланыўы көбиси умыт болыўыда мүмкин болғанындай ол наманы дөреткен бақсының ямаса сазендениң аты умытылып көплеген намалардың аты сол сол наманың қосық тексти менен аталып кеткени мәлим. Көплеген намалар сол наманы ең жақсы атқарған бақсының аты менен де аталып кеткен.

Қарақалпақ халқында жыраў-бақсы намаларының ҳәр бириниң өз алдына аты бар.

Сол айтқандай наманың биринши дөретиўшилердиң атлары, нама атлары тарийх бетлерине, хат жүзине түспегенликтен көбиси умыт болады ҳәм олардың басқа ат пенен аталыўы сөзсиз.

Қарақалпақ бақсыларының айтатуғын шертетуғын қосық-намаларының пайда болыўы туўралы мағлыўматлар, аңыз әңгимелерди халқымызда көплеп ушратыўға болады.

**REFERENCES**

1. Raxmanbergenov N., Moyanov I. UZBEK TRADITIONS AND LYRICAL SONGS //Modern Science and Research. – 2024. – Т. 3. – №. 1. – С. 142-147.
2. Jiyenbaevich M. I. The evolution of music pedagogy of the karakalpak people: Historical and theoretical aspects //Asian Journal of Research in Social Sciences and Humanities. – 2021. – Т. 11. – №. 10. – С. 27-32.
3. Jiyenbaevich M. I. Competence-based approach in higher musical and professional education //ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal. – 2022. – Т. 12. – №. 4. – С. 42-47.
4. Moyanov I. TRAINING AND DEVELOPMENT OF ART PERSONNEL //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 9. – С. 65-69.
5. Jiyenbaevich M. I. COMPETENCE-BASED APPROACH IN HIGHER MUSICAL AND PROFESSIONAL EDUCATION //PROMINENCE OF INFORMATION BASES& MEDIA ASSESSMENTS IN THE POST CONFLICT MARKETING ENVIORNMENT.
6. Muxammetdinova L. THE DEVELOPMENT OF THE ART OF GIVING IN NORTHERN PAKISTAN AS AN EXAMPLE OF THE YEARS OF INDEPENDENCE //Modern Science and Research. – 2023. – Т. 2. – №. 9. – С. 74-78.
7. Maxamatdinovna M. L. FOLKLORE AS A SPECIAL FORM OF CREATIVITY //International Journal of Advance Scientific Research. – 2023. – Т. 3. – №. 09. – С. 282-284.

8. Makhammatdinovna M. L. As a Means of Providing Aesthetic Education to the Students of the Art of Embroidery //Vital Annex: International Journal of Novel Research in Advanced Sciences. – 2023. – Т. 2. – №. 3. – С. 149-152.
9. Tajimuratova S. BASQARIW DÁREJESIN ILIMIY DÁREJEDE RAWAJLANDIRIW //NRJ. – 2024. – Т. 1. – №. 2. – С. 24-27.
10. Tajimuraova S. S. INFORMATION AND COMMUNICATIONS IN MANAGEMENT //Journal of Integrated Education and Research. – 2022. – Т. 1. – №. 5. – С. 509-511.
11. Saginbaevna T. S. FORMATION OF STUDENTS'SKILLS OF INDEPENDENT PERFORMANCE THROUGH THE TEACHING OF ART HISTORY //Spectrum Journal of Innovation, Reforms and Development. – 2022. – Т. 9. – С. 386-392.
12. Тажимуратова Ш. С. САНЪАТШУНОСЛИК ФАНЛАРИНИ ЎҚИТИШ ОРҚАЛИ ТАЛАБАЛАРНИНГ МУСТАҚИЛ ИШЛАШ КЎНИКМАЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШ. – 2023.
13. Shaxnoza T., Rayxan K. JOYBARLARDIŃ SHÓLKEMLESTIRIWSHI STRUKTURALARI //NEW RENASSAINCE CONFERENCE. – 2024. – Т. 1. – №. 2. – С. 124-128.